Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 36 (6497) 25 июль 2016 с. Итни Шавал 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 26 июль – Дагъистаналъул Конституциялъул къо

### Дагъистаналъул халкъазул байрам

**26 июль ккола Дагъисталъул Конституциялъул къо. Гьеб байрам щибаб соналъ кIодо гьабула тIолабго Дагъистаналъул халкъаз.**

**1994 соналда къабул гьабураб цIияб Конституциялъ кьучI лъуна демократия ва жакъасеб экономика цебетIеялъе. Гьеб къабул гьабуралдаса араб 22 соналда жаниб демократиял кьучIал щула гьариялъул рахъ республикаялда гIемерго цебетIуна. Конституциялъ квербакъана гражданияб обществоялъул ихтияразулаб пачалихъалъул законал тасдикъ гьариялъул, гIемер миллатазулаб Россиялда гъорлъ гIелаз гIелазухъе кьун цебегоялдаса нахъе цIунун бугеб нилъер республикаялъул цолъи ва гьудуллъи щула гьабиялъе, рекъел цIуниялъе.**

Конституциялъ Дагъистаналъул гражданазе кьун руго гIатIидал ихтиярал, гьелдаго цадахъ тIадаблъун гьабун буго Конституция, законал, гьезул кьучIалда къабул гьарурал нормативиял актал ва цогидалги нормаби цIунизе.

Жакъа республикаялъул Конституциялда рекъон, нилъеда церечIун руго щибаб хъизаналъул гIумруялъул даража борхизабиялда, пачалихъалда ва обществоялда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хъинтIулел гIемерал социалиялгун экономикиял суалал тIуразариялъул масъалаби. РакIчIараб буго районалъул гIадамазги, РФялъул халкъазулгун гьудуллъиги цолъиги щула гьабулаго, социалияб ахIвал-хIал лъикIлъизабиялъулъ лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.

Киналго районцоязда ракI-ракIалъ баркула ДРялъул Конституциялъул къо. Гьарула щулияб сахлъи, талихI-рохел, рекъел, Дагъистан ва район цебетIезабиялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА КЬУРДАГИ РЕКIУНИЛА

## МагIарул мацIги, цIарги, къаламцоязул ихтияралги цIунулеб идара

### Гумбет районалда тIобитIана Аваразул газетазул ассоциациялъул пресс-тур

**16 июлалда Гумбет районалда тIобитIана Аваразул газетазул ассоциациялъул пресс-тур. Гьеб тадбир байбихьана 1939 соналъул риидал лъабго моцIалъ дагъистанияз Кавказалъул халкъазул миллиябгун эркен гьариялъул кьеркьеялъул заманалда цIунараб АхIулгохIде зияраталдасан.**

ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул пачалихъияб цолъизабураб тарихиябгун архитектурияб музеялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев **Ибрагьим Ибрагьимовас** пресс-туралъул гIахьалчагIазда бицана АхIулгохI цIунаразул бахIарчилъиялъул, къохIехьеялъул. Журналистаз машгьураб гохIалъулгун лъай-хъвай гьабуна, Дагъистаналъул бетIерасул хIаракаталдалъун балеб бугеб сиялъул халгьабулеб байданалдасан.

Хадур гьалбал щвана ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул цолъизабураб тарихиябгун архитектурияб музеялъул Гумбеталъул филиалалде. Гьалбал гIажаиблъизаруна кIиго этажалъул минаялъуб бугеб музеялда гIуцIун ругел шартIаз.

ЛъаратIа росулъ хIалтIулеб буго **Зулумхановазул** гьалбадерил рукъ-музей. Гьениб цIунун буго магIарухъ цебегосеб къагIидаялда минабаялъул букIараб ахIвал-хIал. Пресс-туралъул гIахьалчагIаз тIугьдузул горал лъуна КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда цере.

Хадуб байбихьана Аваразул газетазул ассоциациялъул семинар-совещаниялда. Гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул аваразул секциялъул нухмалъулев, литературияб «Гьудуллъи» журналалъул редактор, поэт, публицист **МухIамад ПатахIов,** жамгIиябгун политикияб ва художественниябгун публицистическияб «Дагестан» журналалъул бетIерав редактор, чияда бачIев авар мацIалда щибаб анкьалъ бахъулеб «Миллат» газеталъул учредитель **МухIамад БисавгIалиев,**



туралъул гIахьалчагIазе бокьана гьеб маданиябгун тарихияб бакI, МугIрузул улкаялъул цебесеб тарихалде гъорлъе раккизе рес щвана.

Районалъул централде щвараб мехалда пресс-туралъул

**(Ахир-кIиабилеб гьум)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Ах лъалъачIев инхосев, ГIали гурев, хутIичIев...**

-2 гьум.



**МочIохъ хIорихъ - тIабигIат цIуниялъул къецал**

-2 гьум.



**Бакълъулазул лъимал - пионеразул лагеразда**

-2 гьум.



**ЛъаратIа: мини-футболалъул байдан**

-3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Ах лъалъачIев инхосев, ГIали гурев, хутIичIев…

### Гъоркь Инхо ва ТIад Инхо росабалъ цIибил гIезабиялъул ресазул халгьабуна

**Гумбет районалъул Гъоркь Инхо ва ТIад Инхо росабалъ цIибил гIезаби цебетIезабиялъе ресазул халгьабуна 13 июлалда хасаб комиссиялъ.**

Комиссиялда гьоркьор рукIана Дагъистан Республикаялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматалъул министрасул заместитель **XIайдар ШугIайбов**, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**, районалъул администрациялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель **Ибрагьим Ибрагьимов**, «Село Нижнее Инхо», «Село Верхнее Инхо» росабазул поселениязул администрациязул бутIрул **МухIамад Ибрагьимов, МухтарахIмад МухIамадов.** Гьез халгьабуна рехсарал росабалъ цIолбохьанлъи цебетIезабиялъе пайда босизе бегьулел ракьал ругищан.

Росдал магIишаталъул министерствоялъул ва районалъул специалистал дандчIвана Гъоркь Инхо ва ТIад Инхо росабазул гIадамалгун, бицана цIолбохьанлъи цебетIезабиялъул тIокIлъабазул, регионалда росдал магIишаталъул гьеб бутIа цебетIеялъе пачалихъалъ гьабулеб кумекалъул.



«Республикаялъул нухмалъулез кIудияб кIвар кьолеб буго цIибил гIезабиялъе санагIатал гьава-бакъалъул шартIал ругеб Дагъистаналда гьеб цебетIезабиялъе сурсатал риччаялде», - ян абуна **XIайдар ШугIайповас**. Росабазул поселениязул бутIруз бицана мугIрузул шартIазда цIакъго гIемер цIибил гIезабизе гIатIидал ракьал гьечIолъиялъ санагIат букIунарин, гьединлъидал дагьа-дагьал ракьаздаса пайда босиялде кIвар кьезе бугин.

**«Гумбет» РИО**

ТIАБИГIАТАЛЪУЛГУН ГАРГАР

# МочIохъ хIорихъ - тIабигIат цIуниялъул къецал

### Гумбеталъул вакилзаби – экологиялъул слеталда

**Гумбет районалъул библиотекаялъул нухмалъулей Сиядат ГIабдулмутIалибова, лъималазул библиотекаялъул нухмалъулей ПатIимат XIусейнова, библиотекарь Раисат МухIамаднабиева, художник Халид Халидов ва МелъелтIа гьоркьохьеб школалъул цIалдохъаби гIахьаллъана Хунзахъ районалъул МочIохъ росулъ, машгьураб МачIхьадерил хIоралда аскIоб тIобитIараб экологазул слеталда.**

Слет рагьана Дагъистан Республикаялъул тIабигIаталъул министерствоялъул Болъихь бугеб районазда гьоркьосеб комитеталъул нухмалъулев **Лабазан МухIамадовас**. Гьес бицана экологиялъул лъайкьеялъул бугеб кIваралъул, хасго гIолеб гIел лъималазулгун гIолилазул экологиялъулаб багьа-бачариялде гьорлъе рачун, слетал тIоритIун, цоцахе хIалбихьи кьеялъул тIокIлъи букIиналъул. ТIабигIат цIунизе, бечед гьабизе лъимал куцазе, байбихьул классаздасаго экологиялъ лъайкьей гIуцIизе лъикIаб букIиналда тIадчIейги гьабуна.

Экологазул слеталда жигараб гIахьаллъи гьабуна экологиялъул викториназдa, конкурсазда бергьенлъи босарал, гIолилал экологазул отрядазул членаллъун кколел Болъихь, Гумбет, Хунзахъ, ЦIумада районаздаса вакилзабаз. Гумбеталдаса лъималазги гьениб бихьизабуна тIабигIаталде рокьи, гIагараб ракьалъул хIакъалъулъ гъваридго лъалеб букIин. Рихьизаруна тIабигIаталда хурхарал сценкаби. Гумбет районалъул экологазул отрядалъ тIоцебесеб бакI ккуна «ТIабигIаталъул гIурччинаб ракI» абураб номинациялда.



**«Гумбет» РИО**

РООЛ ХIАЛХЬИ

# Бакълъулазул лъимал - пионеразул лагеразда

**Гумбет районалдаса 100 гIанасеб лъимералъ хIухьбахьи гьабизе буго исана пионеразул лагеразда. ТIоцебесеб сменаялда 15 лъимер ана хIухьбахьизеги сахлъи щула гьабизеги, кIиабилеб сменаялда 65 лъимер ана Буйнакск, Гъуниб, Хьаргаби, Гъарабудагъкент районазде. Лъабабилеб сменаялдаги ине буго 25 лъимер.**

Лагеразда ругел лъимал туристазулал сапараз рачуна, машгъурал гIадамазулгун дандчIваял гIуцIула. Лъимал лагеразде рачун унаго, рокъоре рачунаго ва хIухьбахьи гьабулеб бакIалда хIинкъи гьечIеб хIал гIуцIула, - ян абуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас.

**«Гумбет» РИО**

# МагIарул мацIги, цIарги, къаламцоязул ихтиярални цIунулеб идара

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** лъималазул республикаялъулаб «Лачен» журналалъул ва «Дагестан» ГТРКялъул авар мацIалда кьолел передачабазул редактор **ГIайшат Малачиева,** ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгун цIех-рехалъул педагогикаялъул институталъул гIелмияй хIалтIухьан, Авар мацIалъул учительзабазул ассоциациялъул председатель **Баху МухIидинова**, «Миллат» газеталъул бетIерай редактор **Зульфия XIажиева,** Шамил районалъул «Цолъи» газеталъул бетIерай редактор **ПатIимат ГьитIинова**, Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор **Саният КъебедмухIамадова,** Хасавюрт районалъул «НасихIат» газеталъул хIалтIухьан **ПатIимат Амаева,** МахIачхъала шагьаралъул администрациялъул пресс-хъулухъалъул Управлениялъул информациялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель, Аваразул газетазул ассоциациялъул гIуцIиялъул комитеталъул нухмалъулей Зайнаб ГIалимирзаева ва цогидалги.



Гумбет районалъул бетIерасул рахъалдасан пресс-туралъул ва аваразул газетазул Ассоциациялъул семинар-совещаниялъул гIахьалчагIазда баркана «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулесул заместитель АхIмад Сулаймановас.

Семинар-совещаниялъул хIалтIи бачана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член XIамзат ГIизудиновас.

КIалъазе рахъараз рорхана маданиял, мацIазул, миллиябгун тарихиял гIаммлъи дандекколел рахъал цIуниялъул суалал, кьуна къватIибе биччалеб басмаялъул качество борхизабиялде ралагьарал предложениял, бицана гIолохъанаб гIелалда гьоркьоса махщалилал тIаса рищизе ккеялъул.

Дагъистан Республикаялъул аваразул регионалияб миллиябгун маданияб автономиялъул (РНКААРД) нухмалъиялда хIалтIулеб буго Аваразул газетазул ассоциация ва Авар мацIалъул учительзабузул ассоциация. Гьез хIисабалде босун буго Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъгун цадахъ аваразул литератураялъул Антология къватIибе биччазе. Гумбет районалда тIобитIараб ассоциациялъул семинар-совещаниялдаги борхана антология къватIибе биччаялде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суал. Гьелъул проекталда тIад хIалтIиялъе гIуцIун буго хасаб редколлегия.



«Аваразул газетазул ассоциациялъ хасаб программаги хIадурун, хадубккунги кумек гьабизе буго журналистазул махщел камиллъиялъе, къаламцоязул закониял ихтиярал ва эркенлъи цIуниялъе, гьезие хIалбихьи цвеялъе», - ян абуна XIамзат ГIизудиновас.

Пресс-туралъул гIахьалчагIазе гIуцIана Гумбеталъул маданиябгун сахгьариялъул комплексалде экскурсия. Гьалбал щвана Россиялъул халкъалъул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централде, лъималазул искусствоялъул школалде, лъедеялъул бассейналде, шахматазул клубалде, активияб, тренажернияб, теннис хIалеб залазде, гIемерфункциялъулаб гIолилазул централде ва цогидалги социалиял, маданиял, спортивияб кIваралъул бакIазде.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЛъаратIа: мини-футболалъул байдан

### Футбол хIалеб байдан балеб бакIалде щвана районалъул нухмалъулел

**Футбол хIалеб гьитIинаб байдан балеб буго ЛъаратIа росулъ лъарал рагIалда. Гьениб хIалтIи гьабиялъул бу-** гьелъул рагIалабаздасан бетон тIолеб, ток бачине хIубал чIвалел руго. Гьеб байдан хIалтIизабизе кьезе хIисабалде босун буго 2016



**геб хIалалъул халгьабуна 19 июлалда гьенире щварал «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас, районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал Малик Маликовас ва АхIмад Сулаймановас.**

ГьабсагIат футбол хIалеб гьитIинаб байдан сверун къалеб, соналъул 4 августалда.

Районалъул нухмалъулел разилъана гьениб хIалтIи унеб хIалалдаса. «Село Тлярата» росдал поселковияб администрациялъул бетIер **Анвар Залумхановас** устарзаби рачунги, къоккедал живго хIалтIунги бан рагIалде бахъинабулеб буго футбол хIазе гьитIинаб байдан.

**Барият ГIалиева**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# ТIоцебесеб классалде рачаразе – 2000 гъурущ

### Умумул, хех хIадуре документал

**ТIоцебесеб классалде рачарал дагьго хьезарурал хъизабаздаса лъималазе кьезе буго 2000 гъурущ. Дагъистаналда 2016 соналъул тIоцебесеб кварталалда гIумру гьабиялъе хIажалъулеб гIарцул бищун дагьаб къадар чIезабун буго 8964 гъурущ. Хъизаналда щибаб рухI рикIкIун гьеб къадар гIарцул щолеб батичIони, лъималазе цого заманалъулаб ЕДВялъе кьезе буго цебехун рехсараб къадар гIарцул.**

2016 соналъул 30 ноябралде УСЗНалде (собес) хех щвезаризе ккола гьал хадур рехсарал документал: УСЗНалъул нухмалъулесухъе гIарза, росдал администрациялдаса тIоцебесеб классалде унеб лъимадул цIаралда хъизаналъул составалъул хIакъалъулъ справка, лъимадул умумузул паспортазул копиял, тIоцебесеб классалде унев цIалдохъанасул гьавураб заман бихьизабураб свидетельство, умумузул страховиял свидетельствабазул копиял, хIалтIулел умумузул ахирисеб 3 моцIие щвараб харжалъул справка, захIматалъул книжкаялъул копия, гьеб гьечIезул – кирго хIалтIулел ва захIматалъул книжка гьечIин росдал администрациялдаса справка, ОПФРалдаса, хIалтIудалъун хьезариялъул централдаса, налоговияб инспекциялдаса справкаби, лъимер тIоцебесеб классалде бачун букIин баян гьабулеб школалдаса справка.

ТIаде баян щвезе бокьани ахIизе бегьула 2-26-79 номералде.

**Загьра Зугьайрова,
Гумбеталъул УСЗНалъул
специалист**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



Кунзахъ росу

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЗЕ ККОЛЕЛ

# Халкъалъул вакилзаби гьадигIанго халкъалдаса рикIкIад щайдай ругел?!

### Гьединаб суал борхулеб буго Игьалиса журналист Магьди ГIабдурахIмановас

**«РагIи-бадибе, тIилмугъзаде», - ян абула магIарулаз. «Бадибе анцIго абе чиясда дуца рагIи, нахъа, гьев чи гьечIелъуб, азарго абизегIан» - анги абула. Гьаб макъалаялда загьир гьаризе рокьун руго дирго ва жеги нус-нус, аза-азар дунго гIадиназе рекIее рахIат толарел пикраби жакъасел законалги, хIакъикъатги цо-цо гIумрудул кIвар бугел суалазулъ кинаб даражаялде ккун ругел ва бугебищ гьеб рахьалъ лъикIаб рахъалдехун гьел рачиналъе ресал абурал.**

Жакъа нилъер лъиениги бальголъилъун ккола-ро Россиялъул, республикаялъул хIукуматазул ва бакIалъулал нухмалъиялъул гIуцIабазде тIоритIулел рищиял унеб къагIида. БитIаралда битIарабин, тIекъалда тIекъабин абизе кIолел гIадамали жакъа гIемер ратулел гьечIо, цоязул гIагарлъи, цогидазул гьобол-гьудул, лъалел-хъвалел ва гь.ц. КидалъизегIан беццаллъунги, гIинкъаллъунги, гIабдалзабилъунги хIан, нилъго нилъецаго махсароде ккелел, дагьабниги жо бичIчIулел гIисинлъималгицин тIад релъанхъуледухъ рукIинел?! Цоги, анцIгоги, азарго чи битIизабизеян лъугьун гьаб битIуларин абулелги руго. Цебе абулаан «гьетIун лъураб къучIалда тIад битIараб къед лъугьуларин». Гьанже заманаялъ бихьизабулеб буго гьеб лъугьунеб букIин («раствор» кигIанги къвакIараб гьабизе рес бугелъулха гьанже).

Дие гьаниб бицен гьабизе бокьун буго, тIадегIанал рищиялги дорегIан тун, бакIалъулал, ай районалъул ва росабазул Собраниязде тIоритIулел рищиязул хIакъалъулъ, кигIанго цоязе бокьулареблъун бугониги, цебесебги гьанжесебги къагIидаги дандеккун. Цебе, депутатлъун вищизе мустахIикъав чиясда росдал авалалъ, захIматалъул коллективаз, ахIун гIаммаб собраниегун, хъван протоколгун, цIар чIвалаан. ГьездагIадин лъикI гьев чи лъидаха лъалев? ХIисабалде босулаан лъаялъул, махщалил, хIалтIул, коллективалда, жамагIаталда гьорлъ къадру-къимат. Рищиял тIаде щвелалде кандидат дандчIвалаан жив вищулелгун, цIехолаан гьезул гIолел-гIоларел рахьал, гIенеккулаан гьезул хIажалъабазухъ, гьезулги бищунго аслияб, бищунго кIвар бугеблъун рикIкIунеб суал, жив вищун хадуб тIубазабизе наказлъун тIаде босулаан. Росдал Советалъул минаялда жаниб, киназдаго бихьулеб бакIалда, чIвалаан жидеца рищулез цIи рищарал депутатазе кьурал тIадкъаял (наказал). Депутатазул сессиязда ва росдал захIматчагIазул гIаммал собраниязда гIенеккулаан гьел тIураялъул, яги гьелда хурхун гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ хIисаб кьеязухъ. КIвар бугел тIадкъаяздехун тIаса-масагояб бербалагьи гьабулел депутатазе гьарулаан бадирчIваял ва тIураялъе нахъеги заман цIалаан.

РакIалда буго, тIоцеве росдал Советалде хIалтIизе вачIун депутат хIисабалда диего кьун букIараб тIадкъай: росдадаса рикIкIад, рохьул талаялдеги ран, чанго сонаЛ гьенир турулел рукIарал маххул рогIрал, хIама-хьваницин бачIунареб борхалъуда, кIкIалал ракьанда, бетоналъул хIорги гьабун, кIиго бакIалдасан кIкIал къотIун, цоцаздаги регъон лъун, кинабго лъимги рогIразде жанибе буссинабун, росулъе гьарзаго чвахулеб куц гьабуна, кIиго мадугьал цадахъги вачун.

Советалъул хIалтIи гIуцIцIун букIунаан цебеккунго бахъараб ва депутатазул тIоцебесеб данделъиялда (сессия) тасдикъ гьабураб планалда рекъон, суалалги гьенире росулаан кIвар бугел, тIуразе заман щварал, цебеккунго жамагIаталда дандран, росулъ ругел учреждениял, организациязул нухмалъулезда цIехон, щибаб суал тIубазе жавабияв ва заманги бихьизабун.

Сессиязда тIаде ахIулаан депутатал гурел, жидеда суал хъинтIулел хъулухъчагIи ва иш дандбазе мустахIикъал, къадру бугел жамагIатчагIи. Депутатазул Собраниялъул хIакъалъулъ положениеги, Уставги, тIадал ишалги къучIдасанго хисизарун ратани, дунги мекъи вукIинарищха. Лъаларо, гьанже киналгIаги тIадал ишалищ рукIунарел, тIадкъаялищ рукIине кколарел, жамагIаталъул кIвар бугел суалалищ данделъабиги ахIун гьоркьор лъезе кколарел, кинан рищаниги, рищана, лъугIана иш. Депутатасул цIарищха аслияб мурад?

Щибаб ахIараб сессиялъул протоколазул копиял ритIизе кколаан цере райисполкомалде. Гьенир жидеда, яги жидер ихтиярлда гьоркь ругел гIуцIабазда хъинтIулеб критика, яги тIуразе кколел суалал ругони, жавабиясда тIадкъан, щвалде щун тIубан бажаричIониги, ккараб хIасил росдал нухмалъулезда лъазабулаан.

Чанго росуцоясда гьикъараб мехалда нилъер гьанисан районалъул Собраниялде ругел депутатал лъалищан, райцентралда хIалтIулел, яги гIемерал гьенире хьвадулел щалали, ратизе бегьулилан абун гурони, чI ван къотIун гьавги, гьавгиян абизе лъалеб гьечIоан. Бегьулареб букIарабищха, чанго соналда жаниб цо нухалдагIаги жамагIатгун, жал рищулелгун дандчIвазе, гьезул гIузрабазухъ гIенеккизе, тIубан бажаричIониги, районалъул нухмалъулезда церерахъун, ккараб хIасил гIадамаздаги лъазабизе, гьеб мехалда балъголъилъун хутIилароан жидер цIарал гIемерисезегIаги.

«ГIасахун рищарал» гурел, жидеца рищарал рукIараланиги кIоченароан гьел гIадамазда.

Гьумер районалъул хIукуматалдехунги буссун, мугъ халкъалдехунги рехун иш тIубалебищ? Кидал нилъ рачIинел «халкъалъ рищарал» абурал рагIаби кавычкаби гьечIого хъвазе кIолеб даражаялде?! Кидал нилъ рахинел рищияздаса хадуб жал рищаралги, жидеца рищаралги, щибго намусалъул пардав гьоркьоб гьечIого, цоцазул бадире ралагьизе кIолеб борхалъиялде? Кидал нилъеда кIочон телел «нилъеда бараб жо гьениб букIунаро», «нилъ гьенире рачIинчIониги, нилъер гьаркьал кьун ратула», «протокол цебего хIадурун батула» ва гь.ц. законги, намусги малакь мерхьарал рагIаби?

ЦерегIан сонаца росулъ бугеб кидагосеб (абулеб букIана кидагоялъе бищарабилан) рищиязул комиссиялда гьоркьов вукIана дунги. Лъаларо, лъие данде ккечIевали, щибго лъачIого, я хIукму, я буюрухъ хъвачIого, нахъе хъвагIан ватана гьорлъа. Гьединго нахъе гьарун ругоан цо-цо цогидалги. РитIухълъи, Закон цIунизе хIаракат бахъулебгIаги букIун батила.

Дагьаб гIакълу мукъсаназда, яги гьаб кIвар бугеб ишалдехун тIаса-масагояб бербалагьи гьабулезда мекъи бичIчIине бегьула гьаниб борхараб суалалъул аслияб мурад. Гьеб ккола хадубккунгIаги тIоритIулел рищиял дагьаб ритIухълъиялда, Законалъул тIалабалги цIунун, халкъалъул вакилзабиян рукIинесел гIадамазда халкъалъ цIарги чIван, гьересиял гьаркьалги гьорлъе къазе течIого тIоритIи буго.

Партиязул ишилан абуни рищиязда цебе данде ккезабизе бегьилаан, бугелъулха ихтияр бокьарав чиясе бокьараб партиялдаса нахъе вилъинеги, бокьараб мехалъ цойги партиялде лъугьинеги. Гьеб мехалда рес рекъелаан лъагIалида жаниб цо нухалдагIаги жал рищаралгун дандчIван, гьезул гIузрабазухъ гIенеккун, тIураялъе хIалтIи гIуцIцIун, гьаб суалалда хурхун гьаб хIалтIигIаги гьабунагури дицаян хIисабкьейгун цевевахъине кIолев чигIаги депутатлъун вищизе, рокьо-рокьоре хьвадун, лъиеялиго гIоло, гьарун, накаби чIван рехъерхъун хIисабалда рачинчIого, рищиязде жидеца рищулел жалго бокьун рачIунеб куцги гIуцIцIизе.

Гьанже заманалда тIоритIулел рищиязда щивав кандидатасе щварал гьаркьал рикIкIине лъугьиналде, цин рищиял тIоритIаралъун рикIкIине гIурабгIанасеб, ай 50 % - гIан жидеца рищулезул гIахьаллъун ругищ гьенирали хал гьабизе ккеларищ? КидалъизегIанха рукIинел цохIого бакI мерхьунел, демократия батани, гьелъул тIагIам халкъалдаги лъазе техале! Гьединаб буго рищиязда хурхун дир пикру.

**Магьди ГIабдурахIманов,
Игьали росу**

МОЛОДЕЖНАЯ ПОЛИТИКА

## Республиканский центр гражданского и патриотического воспитания детей и молодежи

**Министерство по делам молодежи Республики Дагестан в рамках празднования Дня Конституции Республики Дагестан планирует проведение гражданско-просветительской акции «Триколор», приуроченной ко Дню Конституции Республики Дагестан.**

В рамках данной акции планируется проведение соц. опроса на знание Конституции РД, раздача буклетов с информацией о празднике, ленточек с дагестанским триколором.

Цель акции заключается в правовом просвещении населения, патриотическом воспитании молодежи, формировании у подрастающего поколения желания личного участия в изучении и сохранении отечественного, культурного и духовного наследия.

Дополнительную информацию можно получить по телефонам: 89604186828, 89673936373.

**Магомед Гусейханов**

СУРОВ ЗАКОН ...

**Телефоны «горячей линии» ОМВД России по Гумбетовскому району:**
**Д/Ч - 8 928-958-08-71, 8 (8727) 2-26-204, 99-69-12.**
**Начальник ОМВД России по Гумбетовскому району:**
**8 8 272 26 330, 99-69-11.**
**020 (единый номер операторов связи).**
**Телефон доверия «горячей линии» МВД России:**
**(8722) 98-48-48**

**Расул Лабазанов,**
**и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**майор полиции**

МЕГIЕР МЕГIЕРАЛДЕ ККОЛАРО, ГIАДАН ГIАДАМАСДЕ ККОЛА

## Баркала киданиги кватӀун букӀунаро

**ГъотӀой къимат кьола пихъихъ балагьун**
**Чиясе абуни, гьесул ишазухъ.**

**Лъицаниги бицарабани божизе вукӀаравищалиги лъаларо, амма божичӀого кинан вукӀинев бералда бихьаралда!**

Дун вукӀана, гьитӀинго тӀаса бищараб ва унго-унголъун ракӀ тӀаде араб, амма заманаялъул согӀлъиялъ дир кодоса бахъун араб, тохтурасул махщалида бахилав чи. Гьедин бугониги, тӀубанго ракӀ-ракӀалъ дару-сабабалде гӀамал гьабулароан. Аллагьасул иш, Аллагьас кьуна, болжал щварабго Аллагьас нахъеги босила, нахъе къоял ратанийн толаан дица. ХӀакъикъат гьединаб бугониги, Аллагьаслъидал гӀураб махщелги кодобе кьун, хасал гӀадамал, дару-сабабалъе унтаразде тӀаде тӀамулел.

Нилъер гӀумруялда гӀемер дандчӀвала унтарасул къаданив къо щварав вукӀиналъул хӀужаби ... Гьеб букӀана 4-5 соналъ цебе. ЗахӀматго унтун йикӀана дир бесдал эбел, букӀинчӀо чӀаго йикӀиналъул кинабгӀаги гӀаламат, я шурулеб лага, я цӀалеб хӀухьел. ТӀаде гурараб гӀагарлъи, тохтурзаби. Росдал участкаялъулаб больницаялъул бетӀерав тохтур Чупалаев МухӀамадхӀажияс ахӀун вукӀана районалдасан хехаб кумекалъул тохтур.

ГӀемер заман инчӀо, тӀаде щвана тохтур МухӀамадхӀабиб Абакаров ва кватӀичӀого,гипноз гьабураб гӀадин, тохтурас сверун лъугьун, тӀадчӀун гьарурал тадбираз, унтарай лъавуде ячӀана. Гьелда тӀаде Къуръан цӀализе дун витӀулей йикӀарай, гьеб заманалда щибго къватӀибе загьираб унта-щокълъи букӀинчӀей дир хъизаналъул бесдал эбел, кватӀичӀого, къокъидго унтиги чӀван ана ахираталъул рокъое, дир бесдал эбелин абуни, Аллагьасе рецц, жакъаги парахат йиго.

Гьелдаса нахъе чанго сон аниги, чанго нухалда вихьаниги, дандчӀваниги намуслъун вукӀунаан дун, гьадинаб лъугьа-бахъин райгазеталдасан баркала-кириги кьун, лъикӀаб гьара-рахьигӀаги гьабичӀин дицайилан. Гьединлъидал, кигӀанго кватӀун бугониги бокьун буго, жакъа гьеб гъалатӀ битӀизабизе.

Нижер тӀолабго гӀагарлъиялъул рахъалдасан азарабго баркала, Мух ӀамадхӀабиб,

дуе! Аллагьас азар даражаялде бахине гьабеги нижее гьабураб кумек! Жеги цӀубайги дур гьунар, камиллъаги махщел, щулалъаги сахлъи, рохха-лица къвал баги, къварилъабаз мугъ баги, къо ккаразе ватизе тавпикъ кьеги Аллагьас!

**Магьди ГӀабдурахӀманов,**
**Игьали росу**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

### Разъяснения по статье 4 Закона Республики Дагестан «О личном подсобном хозяйстве в Республике Дагестан»

**Статья 4 Закона Республики Дагестан «О личном подсобном хозяйстве в Республике Дагестан» направлена на регулирование вопросов представления земельных участков гражданам для ведения личного подсобного хозяйства.**

Так, указанной статьей установлено, что для ведения личного подсобного хозяйства могут использоваться земельный участок в границах населенного пункта (приусадебный земельный участок) и земельный участок за пределами границ населенного пункта (полевой земельный участок).

Приусадебный земельный участок используется для производства сельскохозяйственной продукции, а также для возведения жилого дома, производственных, бытовых и иных зданий, строений, сооружений с соблюдением градостроительных регламентов, строительных, экологических, санитарно-гигиенических, противопожарных и иных правил и нормативов.

Полевой земельный участок используется исключительно для производства сельскохозяйственной продукции без права возведения на нем зданий и строений.

В отличие от приусадебного земельного участка, располагающегося в границах населенных пунктов, полевой земельный участок располагается на землях сельскохозяйственного назначения.

Землями сельскохозяйственного назначения признаются земли вне границ населенных пунктов, предоставленные для нужд сельского хозяйства, а также предназначенные для этих целей.

Органы государственной власти и органы местного самоуправления обязаны обеспечить управление и распоряжение земельными участками, которые находятся в их собственности и (или) в ведении, на принципах эффективности, справедливости, публичности, открытости и прозрачности процедур предоставления таких земельных участков. Для этого указанные органы обязаны:

- принять акт, устанавливающий процедуры и критерии предоставления таких земельных участков, в том числе порядок рассмотрения заявок и принятия решений.

Рассмотрению подлежат все заявки, поступившие до определённого указанными процедурами срока. Не допускается установление приоритетов и особых условий для отдельных категорий граждан, если иное не установлено законом;

- уполномочить на управление и распоряжение земельными участками и иной недвижимостью специальный орган;

- обеспечить подготовку информации о земельных участках, которые предоставляются гражданам и юридическим лицам на определенном праве и предусмотренных условиях (за плату или бесплатно), и заблаговременную публикацию такой информации. Земельные участки юридическим лицам и гражданам с 30 октября 2001 года должны предоставляться только посредством проведения торгов.

Граждане, заинтересованные в предоставлении земельных участков в собственность или в аренду из земель, находящихся в государственной или муниципальной собственности, подают заявления в исполнительный орган государственной власти или орган местного самоуправления. В этом заявлении должны быть определены цель использования земельного участка, его предполагаемые размеры и местоположение, испрашиваемое право на землю.

Что касается максимального размера общей площади земельных участков, которые могут находиться одновременно на праве собственности и (или) ином праве у граждан, ведущих личное подсобное хозяйство, то в соответствии с пунктом 4 статьи 4 Закона РД «О личном подсобном хозяйстве в Республике Дагестан» он не может превышать 2,5 гектара.

При этом конкретные размеры земельных участков, предоставляемых гражданам в собственность для ведения личного подсобного хозяйства, устанавливаются нормативными правовыми актами органов местного самоуправления с учетом наличия земель и возможностью предоставления земельных участков у муниципального района сельского поселения. По разным районам эти размеры составляют 20 – 30 соток земли.

Это значить, что гражданин для ведения личного подсобного хозяйства, не может получить в собственность земельный участок свыше нормы, установленной органами местного самоуправления. Земельный участок он может также приобрести в собственность у других собственников земли либо взять в аренду.

При этом максимальный размер земельного участка для ведения личного подсобного хозяйства не может превышать 2,5 га.

Данные разъяснения даются в целях недопущения нарушений норм земельного законодательства со стороны органов местного самоуправления в вопросах предоставления земельных участков гражданам для ведения ЛПХ и гражданами при оформлении права на земельные участки.

**Комитет Народного Собрания РД по аграрным вопросам**

БетӀерав редактор
ХӀамзат ГӀизудинов
телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХӀадисова
Корреспондентал:
ГӀайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Пушкинил къватӀ, 6

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.